# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–05 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

अयोध्या के भव्य मंदिर में भगवान रामलला के विराजमान होखे के एक बरिस पूरा भइले पर इग्यारह से तेरह जनौरी ले प्रतिष्ठा द्वादशी क आयोजन कइल जाइ। येहि के लेके श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट के महासचिव चंपत राय बतउले कि इग्यारह जनौरी के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ भगवान रामलला क अभिषेक कई के आयोजन क शुभांरभ करिहें।

***ग्यारह तारीख को मुख्यमंत्री महोदय को निवेदन किया गया है कि वह प्रातःकाल दस बजे रामलला का अभिषेक करने के लिय अयोध्या पधारे। मुख्यमंत्री महोदय ने निवेदन को स्वीकार किया है। वे ग्यारह जनवरी को गर्भगृह में रामलला का अभिषेक करेंगे। ग्यारह तारीख को ही दोपहर को दो बजे अंगद किला प्रांगण पर वो समाज का संबोधन करेगें।***

प्रतिष्ठा द्वादशी के तीन दिन ले चले वाले कार्यक्रम के दौरान भजन के सथहीं कई गो सांस्कृतिक प्रस्तुतिओ होई।

**********

प्रदेस के पूर्व मुख्यमंत्री पद्म विभूषण स्वर्गीय कल्याण सिंह क जयंती पर आजु लखनऊ में आयोजित भइल एगो कार्यक्र में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि स्वर्गीय कल्याण सिंह सत्ता बदे कब्बों सिद्धांत अउर मूल्य से समझौता नाही कइले रहले। नकल विहीन परीक्षा के जरिया से नौजवानन क भविष्य के उज्जवल करे बदे उनके ओरि से चलावल गइल अभियान के हमेसा यादि रक्खल जाई ।

**********

प्रदेस सरकार के कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही बतउलें हवे कि राज्य सरकार के अनुरोध पर केन्द्र सरकार रबी सीजन खातिर प्रधानमंत्री फसल बीमा योजना के अवधि के पन्द्रह जनौरी ले बढ़ा दिहले हवे। किसान खाली ड़ेढ फीसदी प्रीमियम क भुगतान कइ के योजना क लाभ ले सकेलें। कृषि मंत्री सज्जों किसानन से अपील कइले हउवें कि ऊ गेहूँ, दलहन, तिलहन के सथहीं आपन सज्जों रबी फसिलिन खातिर बीमा योजना क लाभ उठावे।

**********

महाकुंभ नगर में तीर्थराज प्रयाग के संगम तट पर महाकुंभ मेला शुरू हो चुकल हौ। मेला क्षेत्र में लगे वाले सिबिरन में अलगि–अलगि तरह क आयोजन हो रहल हौ। येहि सिलसिला में मेला में आजु नेत्रकुंभ क सुभारंभ भइल। येह मौका पर राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघ क सह सरकार्यवाहक डाक्टर कृष्ण गोपाल कहले कि महाकुंभ मेला के दौरान चले वाला नेत्र चिकित्सा महायज्ञ कई तरह से खास हौ। येह नेत्रकुंभ में आंखि के जांचि के साथे चस्मों बांटल जाइ अउर आंखि क आपरेसनों सहजोगी अस्पताले के जरिया से करावल जाइ। येह सिविर में पचास दिन में करीब पांच लाख लोगिन के आंखि क जांचि अउर मेडिकल सुविधा दिहल जाइ। येह में देस भर क आंख क डाक्टर आपन सहजोग दे रहल हवें।

**********

प्रयागराज महाकुंभ मेला में साफ सफाई के लेके आजु संगम के इलाका में गंगा टास्क फोर्स, नगर निगम, बन विभाग के सथहीं पर्यावरण संरक्षण इकाई के ओरि से बृहद सामूहिक स्वच्छता अभियान सुरू कइल गइल। येह में महापौर गणेश शंकर केसरवानी के अगुवाई में ढेरि संख्या में लोगि श्रमदान कइ के गंगा के सफाई क संकलप लिहले।

**********

प्रयागराज महाकुंभ के आयोजन ले बनारस के बाबा विस्वनाथ मंदिर के गरभ गृह में बाबा के स्पर्स दरसन पर रोक रही। मंदिर के मुख्य कार्यपालक अधिकारी विश्व भूषण मिश्र बतउलें कि सज्जों सरधालुअन के बाबा विस्वनाथ क सहज दरसन करावे बदे ई फैइसला लिहल गइल हौ। येह बिच्चे मंदिर प्रबंधन तेरह जनौरी से लेके छब्बीस फरउरी ले अनुष्ठानन क नया समय सारिणी जारी कइले हवे। मंदिर में मंगला आरती भिन्न्ही पौने तीन बजे अउर सयन आरती राति साढ़े दस बजे होई।

**********

प्रयागराज महाकुंभ मेला दुइ हजार पच्चीस के दौरान देस भर से आवे वाले सरधालुअन के सुविधा बदे रेलवे के ओरि से पुरहर इतिजाम कइल जा रहल हौ। रेलवे महाकुंभ मेला बदे तेरह हजार रेलगाड़ी चलावे क फैइसला कइले हवे। येह में तीनि हजार खास रेलगाड़ी होई। एकरे सथहीं प्रयागराज रेल मंडल में सरधालुअन के मेडिकल क सुविधा देवे बदे प्रयागराज जंक्शन, प्रयाग, सूबेदारगंज, नैनी अउर छिवकी रेलवे स्टेसनन पर मेडिकल ऑबजर्वेशन रूम बनावल गइल हौ। एहवां चौबीस घंटा चिकितसा सुविधा दिहले क व्यवस्था हौ।

**********

टीबी के मरीजन क पहिचान अउर इलाज कइले में उत्तर प्रदेस बरिस दुइ हजार चौबीस में पूरा देस में सबसे आगे रहल। प्रदेस में साढ़े छौ लाख मरीजन क पहिचान क लक्ष्य रहल जेहमें छौ लाख तिहत्तर हजार मरीजन क पहिचान कइल गइल।

**********

केंद्रीय स्वास्थ्य मंत्रालय कहले हवे कि ऊ पछिला कुछु हप्ता में चीन में फइलल एचएमपी वायरस पर कड़ेर निगरानी रखि रहल हौ। मंत्रालय लोगिन के सावधानी बरते के कहले हवें। मंत्रालय कहले हवे कि भारतीय आयुर्विज्ञान अनुसंधान परिषद– आईसीएमआर एचएमपी वायरस के परीक्षण बदे प्रयोगसाला के संख्या में बढ़ोत्तरी करी अउर सालि भर के दौरान यह वायरस पर नजरि रक्खी।

**********